

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG SARAN

5.1 Kacindekán

Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh struktur jeung semiotik naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita nu disusun pikeun bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XII. Dina strukturalna, ieu panalungtikan maluruh unsur naratif drama ngagunakeun tiori Hasanuddin nyaéta téma, tokoh, latar, alur jeung amanat. Lian tiéta, ieu panalungtikan ogé maluruh struktur naskah drama ngagunakeun tiori Sumardjo nu ngawengku prolog, dialog, babak, adegan, wawacang, *solilokui*, *aside* jeung épilog. Anapon tiori nu digunakeun pikeun maluruh semiotikna nyaéta tiori Charles Sanders Peirce nu ngawengku ikon, indéks jeung simbol sarta tiori Nasution pikeun milih milih kritéria bahan ajar. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis ngaliwatan téknik talaah pustaka, analisis data jeung interpretasi. Anapon instrumén panalungtikan nu dipaké nyaéta kartu data struktural, kartu data semiotik jeung tabél kritéria bahan ajar.

Sabada ditalungtik, ieu naskah drama miboga struktur nu kawilang lengkep. Ieu naskah drama ngawengku unsur ngawengku prolog, dialog, adegan, wawacang, *solilokui* jeung épilog. Téma tina ieu naskah drama nyaéta lalampahan manusa di alam dunya. Anapon tokoh tina ieu naskah drama jumlahna aya 13 tokoh nu ngawengku tokoh utama jeung tokoh pembantu jeung panambah. Unggal ngaran tokoh ngagambarkeun pasipatan tokohna sorangan. Latar kabagi kana tilu jenis nyaéta latar tempat, latar waktu jeung latar suasana. Latar tempat tina ieu naskah drama aya 2 nyaéta tempat nu hara-haraeun jeung sabudeureun saung réyod. Latar waktu dina ieu naskah drama aya 3 nyaéta wanci haneut moyan, wanci lingsir ngulon jeung wanci sareupna. Ieu naskah drama miboga alur nu maju sabab galur nu ngawangun carita dina unggal babak kacaritakeun kalawan ngéntép seureuh sarta boga hubungan. Anapon amanatna nyaéta manusa kudu silih ingetan, tong poho kana urusan ahérat sabab sagala nu dipiboga ku manusa ngan sakur titipan.

Dumasar kana hasil analisis, naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita miboga ungkara-ungkara nu ngandung ma’na dina unggal adegan. Katitén ku

kapanggihna 11 ikon, 29 indéks jeung 36 simbol. Ikon nuduhkeun aya patalina petanda jeung penanda. Indéks nuduhkeun aya patalina sabab jeung akibat. Sedengkeun simbol nuduhkeun ayana istilah nu ilahar dipaké ku masarakat umum.

Patali jeung bahan pangajaran, naskah drama “Wanci” nyumponan kana kritéria bahan pangajaran Nasution. Ieu naskah drama nyaritakeun lalampahan manusa salila hirup di alam dunya, katut mibanda ajén moral jeung réligi ngaliwatan ma’na nu nyangkaruk, sarta dianggap miboga mangpaat pikeun pieunteungeun siswa dina ngawangun karakter. Ku kituna, ieu naskah drama bisa dijadikeun bahan pangajaran Aprésiasi Drama di SMA kelas XII.

5.2 Implikasi

Naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita mangrupa hiji naskah drama nu beunghar ku ma’na nyampak dina ungkara-ungkarana sarta miboga mangpaat pikeun kahirupan sapopoé. Dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa mangpaat hususna pikeun milih bahan pangajaran Aprésiasi Drama di SMA kelas XII nu mangrupa salahiji tarékah pikeun ngamekarkeun sastra Sunda nu dilarapkeun dina dunya atikan.

5.3 Saran

Aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun kamekaran aprésiasi drama. Saran nu baris ditepikeun nyaéta pikeun panalungtik satuluyna, mahasiswa, guru jeung masarakat umum.

Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngamekarkeun deui panalungtikan nu nganalisis aspék séjénna lian ti struktural jeung semiotik naskah drama sangkan aspék séjénna bisa kaguar sarta mangpaat pikeun ngabeungharan pangaweruh.

Pikeun mahasiswa dipiharep ieu panalungtikan bisa mangpaat sarta dijadikeun référensi hususna nu patali jeung struktural semiotik naskah drama.

Pikeun guru dipiharep ku ayana ieu panalungtikan bisa dijadikeun tinimbangan dina nyusun bahan pangajaran Aprésiasi Drama di SMA kelas XII.

Pikeun masarakat umum dipiharep ieu panalungtikan bisa ngabeungharan pangaweruh ngeunaan struktural semiotik naskah drama sarta ngaronjatkeun kamekaran naskah drama Sunda.